

Èske vaksen kont COVID-19 la danjere?

ct.gov/covidvaccine



Tout vaksen kont COVID-19 yo te pase anba bonjan etid pou verifye sekirite yo.

- Administrasyon pou pwodui alimantè ak medikaman Etazini an (FDA) te bay yon otorizasyon pou itilizasyon ijans (Emergency Use Authorization, EUA) pou de vaksen kont COVID-19 la. Youn soti nan konpayi Pfizer-BioNTech e lòt la soti nan konpayi Moderna. Done yo te jwenn nan gwo etid klinik yo te fè yo montre sekirite ak efikasite vaksen sa yo. Done sa yo montre vaksen yo pote plis avantaj yo konnen ak avantaj potansyèl pase danje yo konnen ak danje potansyèl ki egziste lè yon moun vin enfekte ak COVID-19 la.
- Pou vaksen Pfizer a sèlman, yo te fè yon esè ak plis pase 40,000 moun sou yon peryòd plizyè mwa san pa t gen okenn ensidan serye. Yo pap distribye piblik la okenn vaksen san gouvènman federal la ak soukomite syantifik ki anba gwoup konsiltatif pou vaksen gouvènè Lamont lan evalye l. Nan eta Connecticut la, nou kontinye bay sante piblik la priorite nan tout desizyon nou yo.

Jwenn plis enfòmasyon:

www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/safety.html

Kesyon anpil moun poze



Ki efè segondè vaksen an lakòz?

Ou ka gen kèk efè segondè. Yo se siy nòmal ki montre kò w ap bati yon bon pwoteksyon. Efè segondè sa yo gendwa antrave w nan aktivite w ap fè chak jou yo, men yo ta dwe disparèt apre kèk jou.

Men kèk efè segondè anpil moun genyen:

- Doule ak anfleman nan bra kote ou te pran piki a
- Lafyè
- Frison
- Fatig
- Tèt fè mal

Èske mwen ka pran vaksen an si mwen deja genyen yon pwoblèm sante?

Wi. Vaksen kont COVID-19 la enpòtan anpil pou moun ki deja gen yon pwoblèm sante tankou yon maladi kè, yon maladi poumon, dyabèt oswa obezite. Moun ki gen jan de pwoblèm sante sa yo gen plis chans pou yo malad anpil akòz COVID-19 la. Li rekòmande pou moun ki gen jan de pwoblèm sante sa yo pran vaksen an.

Mwen te deja sibi reyaksyon alèjik akòz lòt piki. Èske mwen ka pran vaksen kont COVID-19 la?

Si yon moun te deja gen yon reyaksyon alèjik akòz yon enjeksyon medikaman li te resevwa, li ta dwe pale ak pwofesyonèl sante l la anvan li pran vaksen kont COVID-19 la. Pwofesyonèl sante w la ka fè w konnen si vaksen kont COVID-19 la gen twòp risk pou ou, men nan pifò ka, enfòmasyon ki disponib yo montre vaksen an pa danjere.

Èske mwen ka vaksine si mwen ansent oswa si m ap bay yon timoun tete?

Wi.

Èske vaksen kont COVID-19 la pa gen danje pou timoun yo?

Vaksen yo otorize pou moun ki gen plis pase 16 an sèlman pou kounye a.

Èske yon moun ki te deja gen COVID-19 ka vaksine?

Wi. CDC yo rekòmande pou w pran vaksen an menm si w te deja gen COVID-19, paske li posib pou enfekte plizyè fwa. Byenke ou ka benefisye yon pwoteksyon akoutèm grasa antikò ki te vin parèt nan kò w apre w te refè anba COVID-19 la, nou pa konnen pandan konbyen tan pwoteksyon sa a ap dire.

Pran yon vaksen se youn nan anpil bagay ou ka fè pou pwoteje tèt ou e pou pwoteje lòt moun kont COVID-19 la.

Kay kèk moun, COVID-19 la lakòz maladi grav oswa lanmò. Lè ou pran vaksen an, non sèlman w ap pwoteje tèt ou kont COVID-19 la, men tou w ap pwoteje moun ki bò kote w yo poutèt w ap anpeche l gaye plis toujou. Pou kanpe yon pandemi, nou bezwen itilize tout zouti prevansyon ki disponib yo. Vaksen yo travay ak sistèm iminitè w pou kò w gen kapasite pou l konbat viris la. Genyen lòt aksyon, tankou mete kach-nen epi respekte distansyasyon sosyal la, ki ka fè w gen mwens chans pou ekspozè ak viris la e pou gaye l bay lòt moun. Lè ou pran vaksen kont COVID-19 la epi ou suiv tout rekòmandasyon CDC yo pou pwoteje tèt ou e pou pwoteje lòt moun, se pi bon pwoteksyon ou ka jwenn kont COVID-19 la.

SOUS

- www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/safety.html
- www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/faq.html
- www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/expect/after.html
- portal.ct.gov/Coronavirus/COVID-19-Vaccinations---FAQs

